



Pou Piblikasyon Imedya: 20/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN PREMYE FAZ INISYATIV PILÒT CONNECTALL KI KOUTE 10 MILYON DOLA POU POTE AKSÈ AK ENTÈNÈT WO DEBI KI ABÒDAB NAN KOMINOTE RIRAL YO**

*Sistèm Transmisyon Otorite Enèji New York la pèmèt plis pase 2,000 rezidan ak biznis nan Vilaj Sherburne ak Vil Nichols jwenn aksè nan entènèt ki gen gwo vitès*

**Gade videyo ConnectALL ak pwogrè Sherburne [isit la](#)**

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmman premye rezo wo debi minisipal New York la kòm yon etap enpòtan pou pwogram ConnectALL eta a. Rezo a se premye faz pwogram pilòt enfrastrikti minisipal 21yèm syèk ConnectALL, ki te kòmanse an [me](#) k ap itilize enfrastrikti fib optik sou sistèm transmisyon Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) la ki egziste deja epi li an avans sou kalandriye a akòz NYPA ak Vilaj Sherburne ak Vil Nichols k ap optimize plan egzekisyon yo.

"Koneksyon wo debi a te tounen yon sèvis enpòtan menm jan ak elektrisite ak dlo epi Eta New York detèmine pou asire ke okenn sitwayen pa rete san aksè", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kolaborasyon ant patnè federal, eta ak patnè òganizasyon san bi likratif nou yo te enpòtan anpil pou pwogrè rapid ak deplwaman pwogram ConnectALL epi nou espere agrandi pwogram nan plis toujou nan ane k ap vini an".

[Pwojè pilòt 10 milyon dola](#), kat minisipalite a te fini konstriksyon sa ki pèmèt aksè nan entènèt ki fyab ak gen gwo vitès pou plis pase 2,000 kay ak kliyan biznis ki pa te gen sèvis oswa ki pa te gen ase sèvis. Anplis rezo ki fini nan Vilaj Sherburne, Konte Chenango, konstriksyon an ap pwogrese byen vit nan Vil Nichols, Konte Tioga. Pwogram pilòt la, ki te demare an [me](#), se yon pati nan inisyativ ConnectALL 1 milya dola, ki [te anonse](#) nan diskou Gouvènè Hochul sou Sitiyasyon Eta a an 2022—pi gwo investisman piblik nan wo debi nan istwa eta a ki vize transfòme enfrastrikti dijital New York la epi elaji aksè wo debi, aksesibilite ak ekite nan tout eta a nan sèvi avèk investisman piblik ak prive.

Anplis Vilaj Sherburne ak Vil Nichols, pwogram pilòt la ap konstwi enfrastrikti fib optik nan Vil Diana nan Konte Lewis ak Vil Pitcairn nan Konte St. Lawrence.

NYPA ap jere deplwaman wo debi a nan kat kote yo itilize enfrastrikti fib optik li ki egziste deja pou "faz entèmedyè" (middle mile), jan lejislati eta a otorize sa an avril. Sherburne Electric, Otorite Devlopman North Country, ak Rezo Southern Tier ap fè patenarya sou enfrastrikti wo debi dènye faz la. Founisè sèvis entènèt prive yo ap itilize enfrastrikti piblik la pou bay rezidan yo sèvis entènèt. Nouvo kliyan yo nan Sherburne ap peye apeprè 40 dola pa mwa pou sèvis, ki pi ba pri mwayen pou wo debi nan Konte Chenango, dapre Sondaj Rejyonal 2022 Depatman Sèvis Piblik sou Pri Sèvis Entènèt.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Otorite Enèji New York, Justin E. Driscoll, te deklare,** "Antanke yon sèvis piblik, rezo transmisyon NYPA ap sèvi doub fonksyon pou ede amelyore aksè nan sèvis wo debi nan kominote ki lwen nan New York pandan y ap founi enèji. N ap travay avèk kliyan nou yo, patnè eta yo ak founisè wo debi atravè eta a pou ede konble eka dijital la epi kreye pi gwo egalite nan mitan kominote iben ak riral yo. Mwen trè fyè de pwogrè New York ap fè sou livrezon sèvis esansyèl sa a ak wòl entegral NYPA nan pwogram inovatè sa a".

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare,** "Li esansyèl pou nou travay ansanm pou nou konble eka dijital ki rete yo, espesyalman nan zòn riral Eta a. Konekte tout Nouyòkè yo ak yon entènèt fyab ak abòdab mande solisyon inovatè epi pwogram pilòt sa a se youn nan fason n ap travay ak patnè gouvènman nou yo nan tout nivo pou rive fè travay la".

Anons jodi a kontinye pwogrè Biwo ConnectALL la, tankou:

### **Premye prim finansman New York dapre Lwa sou Envestisman, Enfrastrikti ak Travay la**

Biwo ConnectALL Eta New York la te resevwa 7.2 milyon dola atravè pwogram Lwa sou Ekite, Aksè, ak Deplwaman Wo Debi ak Ekite Dijital (Broadband Equity, Access, and Deployment and Digital Equity Act) Depatman Komès Etazini (U.S. Department of Commerce) an. Pandan mwa kap vini yo, ConnectALL pral sèvi ak fon sa yo pou angaje Nouyòkè yo atravè eta a pou pwodui plan konplè pou deplwaman wo debi ak ekite dijital nan tout eta a. Plan sa yo pral bay fèy de wout pou itilizasyon eta a nan fon eta ak federal yo pou konble eka dijital ki rete nan Eta New York la.

### **Lanse pwogram evalyasyon wo debi ak kat entèaktif wo debi a:**

ConnectALL ap mobilize resous eta a yo, patnè gouvènman lokal ak rejyonal yo, ak piblik la an jeneral pou konteste mank prezizyon nan Kat Wo Debi Nasyonal Komisyon Kominikasyon Federal la, ki pral enfòme alokasyon final eta a nan finansman ki soti nan IIJA. Dènyèman, ConnectALL te soumèt yon defi ki gen plis pase 31,000 adrès New York ki pa te enkli nan kat federal la, ke yo tire apati done ki sòti nan premye kat jewografik entèaktif ak apwofondi eta a ki te fèt pa Depatman Sèvis Piblik la.

### **Pwomosyon sibvansyon wo debi anvè konsomatè yo pou Pwogram koneksyon abòdab la**

Gouvènè Hochul dènyèman te anonse ke plis pase 1 milyon fwaye nan New York te abòne nan pwogram nan, gras ak an majorite pati yon efò debaz kontinyèl, ki gen plizyè

ajans pou fè sansibilizasyon sou opòtinite pou yon [sibvansyon wo debi ki se 30 dola pa mwa](#) pou moun fwaye ki gen revni fèb yo.

Pou plis enfòmasyon ak mizajou sou ConnectALL, tanpri vizite [www.broadband.ny.gov](http://www.broadband.ny.gov).

**Majistra Village Sherburne Ian, William Acee, te deklare,** "Nou kontan anpil pou nou bay kliyan nou yo yon rezo fib optik dènve modèl ki pral pèmèt vilaj la kontwole ak siveye chaj elektrik yo epi an menm tan bay aksè lib a founisè sèvis entènèt yo pou tout kliyan elektrik nou yo. Moman an pa te kapab pi bon pase sa pou nou antre nan Pwogram ConnectALL Gouvènè Hochul la. Investisman sa a nan enfrastrikti fib pral benefisye Sherburne menm jan sistèm elektrik la te fè sa an 1905".

**Senatè Eta, Peter Oberacker, te deklare,** "Wo debi ki gen gwo vitès ki fyab, abòdab, ak aksesib enpòtan anpil pou devlopman ekonomik, sèvis ijans, edikasyon, ak kalite lavi. Sèvi ak enfrastrikti Otorite Enèji New York la pou ede pote sèvis enpòtan nan zòn riral yo se yon plan gayan, ki montre enpòtans kolaborasyon lè sa gen pou wè ak ogmante aksè nan wo debi. Kontinye elaji ak konble eka dijital la dwe yon pi gwo priyorite alavni".

**Manm Asanble John Lemondes te deklare,** "Achèvman premye faz pwojè ekspansyon wo debi ConnectALL la se yon bon fason pou fini ane a. Mwen rekonesan anvè enjenyè ak òganizatè efò yo pou fè presyon pou plis wo debi abòdab atravè New York Santral epi mwen pral kontinye chita ak vwazen mwen yo pandan n ap prevwa koneksyon pou rès minisipalite yo. Wo debi ap vin plis yon nesosite ak chak jou ki pase, epi New York ap fè gwo pwogrè pou founi tout moun li".

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Rezo Southern Tier, Jeffery Gasper, te deklare,** "An patenarya ak Konte Tioga, Nichols, NY, ak Fiberspark, ISP inisyal nou an sou fib aksè lib STN ale nan rezo lakay yo, STN ap bay sèvis wo debi pou rezidan ak biznis ki pa jwenn sèvis oswa ko pa jwenn ase sèvis yo nan Nichols, NY. Siksè pwojè a nan Nichols, NY se yon plan pou STN fè pwopagasyon rezo wo debi avèk aksè lib nan zòn adisyonèl nan rejyon Southern Tier ak Finger Lakes nan Eta New York atravè patenarya nou ak NYPA ak biwo ConnectALL".

**Sipèvizè Esther Woods, Vil Nichols, te deklare,** "Tou dabò, nou ta renmen remèsye Gouvènè Kathy Hochul pou lajan sibvansyon an pou bay kominote nou an entènèt gwo vitès. Kominote nou an te reyini ansanm epi nou kontan anpil pou nou jwenn opòtinite sa a pou sipòte leson lekòl vityèl ak moun k ap kontinye travay depi lakay yo. Sa se yon gwo avantaj pou nou. Nou santi nou finalman nan 21yèm syèk la. Nou vle remèsye tout moun ki enplike nan pwojè sa a; nou apresye sa anpil".

**Carl E. Farone, Jr., Direktè Egzekitif Otorite Devlopman nan North Country, te deklare,** "Otorite Devlopman an kontan travay an kolaborasyon ak NYPA pou itilize enfrastrikti piblik la pou bay rezidan yo nan vil Pitcairn ak Diana sèvis entènèt wo debi nan kad pwogram ConnectALL la. Sa a se yon pwojè enpòtan ki pral pote enfrastrikti wo debi abòdab pou rezidan ki pa jwenn sèvis sa yo".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418